Bible for Shildren

Di First Easter



Na Edward Hughes write am

Na Janie Forest; Alastair Paterson
Illosrate am

Na Lyn Doerksen Adapt am

Na www.christain-translation.com translate am

Na Bible for Children produce am
www.M1914.org

©2021 Bible for Children, Inc.
License: You get di right to copy or print dis story,
as long as you nor dey sell am.

Di lady stand on top di noisy hillside, her eyes dey sad dey look up dey see bad scene. Her Son dey dere dey die. Di mama na Mary, and she stand near di place where den nail Jesus for cross.



How all dis mata take happen? How Jesus kon take get dat kain beautiful life for dat kain terrible way? How Baba God kon take allow Hin own Pikin make dem nail to cross to kon die for there? Seh Jesus make mistake about Who Hin bi? Abi na Baba God fail?



3

No! Baba God nor fail. Jesus nor make any mistake. Jesus always sabi sey Hin die for di hand of wicked pipol. Even wen dem born Jesus as baby, one old man wey hin name na Simeon don tell Mary about bad news bifor.

4



Few days bifor Jesus go die, one lady kom and pour perfume and ointment on top Hin leg. "She dey waste money," di disciple dey complaine. "She dey do good work," Jesus tok. "She dey do am for my burial." Una see strange words!

5

After dis mata, Judas, one of di Jesus twelve disciple, agree sey hin betray Jesus gife di chief priests for 30 pieces of silver.

6

For di party of Jewish Passover, Jesus chop Hin last food wit Hin disciples. Hin tell dem wonderful tins about God and Hin promise to dose wey love Am. Den Jesus gife bread and cup for dem make dem share. Dat na to remind dem sey Jesus body and Hin blood na to bring forgiveness for our sins.



7

Den Jesus tell Hin friends sey one pesin go betray am, and dem go run go away. "I nor go run away," Peter dey tok. "Bifor di cock crow, you go deny Mi three times," Jesus tok.



8

Later dat night, Jesus kon go pray inside di Gardin of Gethsemane. Di disciples wey dey wit Am don sleep. "O My Papa," Jesus kon dey pray, "... Let dis cup waka pass from Mi. Anyhow e bi, nor bi wetin mi I want, but na wetin You want."

9

Some pipol just march enta inside di gardin, na Judas karry dem kom. Jesus nor fight at all, but Peter cut off one man ear. Jejely, Jesus touch di man ear and E heal am. Jesus sabi sey Hin arrest na part of will of God.



10

Di pipol karry Jesus go meet di high priest for house. For dere, di Jewish leaders tok sey make Jesus die. Peter dey stand for di side of one di servants for fire place kon dey look.



11

For like three times pipol look Peter for eyes tell am sey, "You been dey wit Jesus!" Na three times Peter tok sey na lie, just as Jesus don tok am sey hin go do. Peter even curse and sware join.

12

Na dat time, cock kon crow. E kon bi like sey na God voice to Peter. As hin Remember wetin Jesus tok, Peter kry bitterly.



13

Judas sef dey sorri. Hin sabi sey Jesus nor dey guilty of any sin abi crime. Judas karry di 30 pieces of silver back, but di priests dem nor collect am.



14

Judas kon troway di money for ground, e comot – go hang hinsef for rope.



15

Di priests bring Jesus kom meet Pilate, di Roman governor. Pilate tok sey, "I nor see any fault inside dis Man." But di pipol dey shout sey, "Krucify Am! Krucify Am!"



16

Las-las Pilate kon do as dem want, and e kon sentence Jesus to die on top kross. Di soldiers punch Jesus, dem spit for Hin face, and dem whip Am. Dem kon do bad crown of long sharp thorns dem press am onto Hin head. Dem kon karry nail, take nail Am to kross make hin die.



17

Jesus dey always know sey Hin go die like dat. Hin also sabi sey Hin death go bring forgiveness for sinners wey put dia trust inside Am. Two bad pipol dey wey dem nail for kross near Jesus. One believe in Jesus - and hin go to Paradise. The other one nor believe.



18

Afta plenty hours wey Jesus dey suffer, Jesus kon tok sey, "E don finish," Hin kon die. Hin don complete Hin work. Hin friends kon go bury Am for one private grave.



19

Di Roman soldiers kon go block and dey guard di grave. Nobody fit enta inside - abi kom out.



20

If na like dis di story end, e for nor make sense. But God still do sometin wey dey wonderful. Jesus nor stay for inside grave dead!



21

Wen day break for Sabat Day, wey bi di first day for di week, some of di disciples of Jesus see sey dem don roll di stone komot from di grave. Wen dem look inside,



Jesus nor dey dere again.

22

One woman kon stay dere dey kry by di grave. Jesus kon show to her! She kn rush back wit joy to go and tell di other disciples. "JESUS DEY ALIVE! JESUS DON COME BACK FROM DI GRAVE!"



23

Later Jesus kom meet di disciples, Hin kom show dem Hin hand where dem nail Am. Na true. JESUS DEY ALIVE AGAIN! Hin forgive Peter sake of hin deny Am, E kon tell Hin disciples sey make dem go tell everibodi about Am. Hin kon go back to heaven where Hin kom from.

24

Di First Easter

Story wey kom from di Word of God, di Bible,

dey for inside

Mattiu 26-28, Luke 22-24,
John 13-21

"Di tishing for your word dey give lite."
Psalm 119:130

25

Na Di End

26

Dis Bible story dey yarn us about our wonderful
Baba God wey kreate us and Hin wan make wi sabi Am.

God sabi sey wi don do bad tins, wey Hin dey call sin. Di punishment for sin na die, but Baba God love you too much wey Hin kon send Hin only Pikin, Jesus, make Hin kom die on top Kross and make dem punish am for your sins. Den Jesus kon kom back to life and kon go back to Heaven! If you believe inside Jesus and you kon ask Am to forgive your sins, Hin go do am! Hin go kom and live inside you now, and you go live wit Am foreva.

If you believe sey dis na di truth, tok like dis to God: Dear Jesus, I believe sey You bi God, and kon bikom man to die for my sins, and now You dey live again. Abeg kom inside my life and forgive my sins, so dat I go fit get new life now, and one day I go fit dey wit You foreva. Helep me to obey You and live for You as Your pikin. Amen.

Read di Bible and tok wit God every day! John 3:16